



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU ADOPSYON KONGRÈ A POU  
LWA SOU REDIKSYON ENFLASYON 2022**

"Vòt jodi a nan Chanm Reprezantan an se yon pa istorik an avan nan efò nasyon nou an pou konbat enflasyon, bese kou yo pou fanmi yo epi lite kont kriz klimatik la. Gras ak lidèchip Prezidan Asanble Pelosi ak travay di Demokrat yo nan delegasyon kongrè New York la, Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) 2022 a pral byento sou biwo Prezidan Biden.

Lejislasyon federal sa a sou wout pou fè yon gwo enpak nan New York. Granmoun aje ki konte sou Medicare pou medikaman sou preskripsyon yo pral finalman wè depans yo bese. Moun ki konte sou plan swen sante Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act, ACA) la pral gen sibvansyon yo pwolonje, pou kenbe prim yo nan pri ki pi abòdab. Epi yon envestisman istorik nan teknoloji vèt ak rezistans kont klima pral fè yon enpak pozitif atravè ekonomi nou an nan kreye travay, diminye depans sèvis piblik nan kay la epi lanse revolisyon enèji pwòp la.

Lwa sou Rediksyon Enflasyon an se konpayon pafè a pou efò kontinyèl nou yo nan New York pou ede fanmi yo fè fas ak ogmantasyon kou lavi a, soti nan envestisman prensipal nou yo nan peyi a nan enèji pwòp rive nan soulajman fiskal nou te ofri pou mèt kay klas mwayèn yo. Mwen pa ka tann pou m wè Prezidan Biden siyen pwojè lwa sa a — epi aplike chanjman istorik sa yo isit la nan New York".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418